



Sèvis relasyon kominote pou Depatman Jistis Etazini

Adrese konfli ki baze sou enfimite

Pou ede kominote yo anpeche ak reponn a Krim yo ki gen rapò ak Enfimite

Sèvis Relasyon Kominote Depatman Jistis Etazini (CRS) ede kominote yo adrese ak anpeche krim rayisman yo ak tansyon ki baze sou andikap reyèl oswa sa moun panse ou genyen. CRS travay ak lapolis, ofisyèl lokal yo ak eta a, gwoup kominote, òganizasyon dwa sivil yo, òganizasyon dwa andikap, enstitisyon edikatif, ak lòt moun yo pou rive jwenn yon konpreyansyon komen sou pwoblèm yo ki antoure konfli yo, enkli sa yo ki sou baz andikap, ak kreye metòd ki kenbe. pou anpeche ak rezoud konfli nan lavni yo.

CRS ede kominote yo ki gen konfli yo oswa tansyon sou baz andikap lè: ▼

Yo bay estraji ak pi bon pratik yo a ofisyèl lapolis, sekouris ki la an premye yo, ak founisè sèvis yo pou asire respè nan rapò ak manm kominote ki gen andikap epi pou anpeche malantandi

Fasilite dyalòg ak administratè, pwofesè, ak elèv nan lekòl yo ak inivèsite yo pou adrese pwoblèm ki fè enpak sou elèv ki gen andikap, tankou entimidasyon ak anbètman

Konvoke Reyinyon yo ant lapolis, ofisyèl yo nan vil la, ak òganizasyon defans pou andikap pou adrese tansyon aprè swadizan krim rayisman ak ensidan patipri sou baz andikap



Pwogram ak Sèvis yo ▼

Fasilite dyalòg. Nan repons sou konfli ak tansyon ki sòti nan swadizan krim ak ensidan prejije ki fèt sou manm kominote ki gen andikap, CRS fasilite diskisyon yo pou louvri liy kominikasyon ak amelyore jan enfòmasyon yo pataje. Dyalòg sa yo ka ranje nan yon fòm ki koresponn ak sèl pwoblèm yo ki ap fè enpak sou kominote yo ak manm yo ki gen andikap, ak objektif pou amelyore konpreyansyon patisipan yo nan pwoblèm yo ki antoure konfli a pou devlope solisyon ki konkrè.

Medyasyon. CRS ofri yon pwosesis volontè ak konfidansyèl pou ede kominote yo ak lòt moun ki gen enterè ki ap fè fas ak konfli oswa tansyon ki gen rapò ak ensidan sou baz patipri ak krim rayisab ki baze sou andikap. Espesyalis CRS Medyatè yo sèvi kòm fasilite ki san paspouki ak san patipri

pou ede angaje moun ki enplike yo pou jwenn solisyon ki akseptab youn pou lòt.

Ensidan ki baze sou patipri ak fowòm Krim Rayisab. CRS fasilite fowòm ki konvoke lapolis, ajans gouvènman yo, ak òganizasyon ki baze nan kominote yo pou pataje pi bon pratik, edike manm kominote yo sou lwa krim rayisab ak resous, epi ede kominote yo pou anpeche ak reponn pi byen lè gen krim yo ki gen rapò ak andikap, tansyon yo, ak konfli yo.

Konsiltasyon. CRS pataje pratik ak resous ki pi bon yo ak lekòl yo, ajans gouvènman yo, lapolis, gwoup defans yo, ak lòt moun pou byen kominike ak moun ki gen andikap yo, amelyore relasyon ak tout moun ki nan kominote sa yo, epi ankouraje divèsite ak akseptasyon.

Sou CRS ▼

Etabli pa Tit X nan Lwa sou Dwa Sivil nan 1964 ak elaji pa Matthew Shepard ak James Byrd, Jr., Lwa 2009 sou Prevansyon Krim Rayisab yo, CRS sèvi kòm "moun ki ap mete Lapè nan Amerika" pou kominote ki ap fè fas ak tansyon oswa konfli ki baze sou diferans ki genyen nan ras, koulè, orijin nasyonalite, sèks, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, relijyon, ak andikap. Sèvis CRS yo vize pou amelyore kapasite kominote lokal yo pou evite ak rezoud konfli nan lavni poukont yo ak nan kolaborasyon atravè itilizasyon teknik pou rezoud pwoblèm, ogmante konesans, ak devlope pi bon kominikasyon.

Sèvis ak Pwogram CRS yo ▼

CRS bay yon seri de pwogram nan kominote ki gen tansyon, kòm yon zouti pou kiltive konpreyansyon, amelyore kolaborasyon, ak anpeche dezakò nan lavni. Anplwaye CRS yo se medyatè pwofesyonèl, fasilite, fòmasyon, ak konsiltan ki gen eksperyans nan mete manm kominote yo ansanm pou ede amelyore kapasite yo nan rezoud konfli ki deja egziste ak anpeche konfli nan lavni.

Ki Kote Nou Travay ▼

Katye Jeneral CRS 📍

Washington, DC

Biwo Rejyonal CRS yo 📍

Nouvo Angletè

Boston, MA

Nòdès

New York, NY

Mitan-Atlantik

Philadelphia, PA

Sidès

Atlanta, GA

Mitan Wès

Chicago, IL

Sidès

Dallas, TX

Santral

Kansans City, MO

Mòn an wòch

Denver, CO

Wès

Los Angeles, CA

Nòdwès

Seattle, WA


Biwo Teren CRS yo 📍

Miami, FL

Detroit, MI

Houston, TX

San Francisco, CA



Jwenn nou, konekte ak ▼

nou www.justice.gov/crs



[facebook.com/DOJCRS/](https://www.facebook.com/DOJCRS/)



[@DOJ_CRIS](https://twitter.com/DOJ_CRIS)



askcrs@usdoj.gov



202.305.2935

Pou plis enfòmasyon sou pwogram sa oswa lòt sèvis CRS yo, tanpri kontakte biwo lokal CRS ou a:

<https://www.justice.gov/crs/about-crs/regional-and-field-offices>